QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
STATISTIKA BASQARMASÍ

# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNDA MÁDENIYAT HÁM KÓRKEM ÓNER SHÓLKEMLERI ISKERLIGINIŃ TIYKARǴÍ STATISTIKALÍQ KÓRSETKISHLERI

## 2021-jíl juwmaǵína

Mámleketimizde mádeniyat hám kórkem óner rawajlanbasa, jámıiyet rawajlanbaydı. Qalaberse, rawajlanıwdıń anıq nátiyjesi baylıq yamasa kúsh-qudıret dárejesi menen emes, milliy mádeniyat qanshelli joqarılıqqa kóterilgeni menen ólsheniwi jóninde tariyxıy mısallar kóp. Mısalı, ınglizlerdiń kórkem óner menen shuǵıllanıwshı alımı F. R. Martin "Temuriylar sıyaqlı kórkem óneri hám mádeniyatın qádirleytuǵın húkimdarlar Oraylıq Aziyada hesh waqıt bolmaǵan", dep jazadı. Usı mánisten alıp qaraǵanda, mámleketimiz basshısınıń milliy mádeniyattı jáne de rawajlandırıw konsepsiyasın islep shıǵıwǵa tiyisli, oylaw tárizimiz, turmısqa munásábetimiz, millet hám xalıqtıń búgini, erteńiniń, nawqıran áwlad ruwxıy kámalın, adamlarımızdıń nurlı keleshegin jaratılıwına qaratılǵan jumıslarımızdıń tiykarın óz ishine aladı, desek, aljaspaǵan bolamız.

Konsepsiya bes baptan ibárat. Ol jaǵdayda keleshekte ámelge asırılıwı kerek bolǵan bir qatar ústin turatuǵın wazıypalar belgilep berilgen. Atap aytqanda, mádeniyat salasındaǵı munasábetlerdi tártipke salıw sistemasındaǵı mákemeler huqıqıy dárejesin belgilew, dóretiwshilerdi social qorǵawdıń huqıqıy bazasın, kadrlar tayarlaw hám mamanlıǵın asırıw sistemasın jaratıw, mádeniyat hám de kórkem óner mákemeleri materiallıq-texnikalıq múmkinshiliklerin keńeytiw názerde tutılǵan. Sonıń menen birge, tarawǵa informacion-kommunikaciya texnologiyaların tolıq qollanıw, xalıq aralıq festival hám kórik-tańlawlarda naǵız qabilet iyeleri qatnasıwın támiyinlew, shet el shólkemler menen dóretiwshilik sheriklikti jolǵa qoyıw sıyaqlı qatar ilajlar belgilengen. Qarar tiykarında 2019-2020 jıllarda Ózbekstan Respublikasında milliy mádeniyattı jáne de rawajlandırıw konsepsiyasın ámelge asırıw boyınsha "jol kartası" hám de Qaraqalpaqstan Respublikası, wálayatlar hám Tashkent qalasında ámelge asırılıwı joybarlastırılıp atırǵan ilájlar programması, 2019-2022 jıllarda jańa qurılatuǵın, rekonstrukciya etiletuǵın, kapital remontlanatuǵın hám tolıq úskenelenetuǵın mádeniyat oraylarınıń mánzilli dizimi de tastıyıqlandi.

Materiallıq iskerlikte kórkem óner salasınıń kóplegen baǵdarların tolıq qamtıp alıw, olardıń iskerligin tuwrı bahalaw maqsetinde tarawdıń qánigeleriniń keńes organı bolǵan tarmaq kórkem keńeslerin dúziwge mútájlik bar. Keleside ıqtıyarında mádeniyat shólkemleri bolǵan mámleketlik organlar hám shólkemler, sonıń menen birge, mádeniyat shólkemleri tárepinen teatr, muzıka hám konsert iskerligi, cirk kórkem óneri hám súwretleytuǵın kórkem óner, arxitektura hám dizayn boyınsha tarmaq kórkem keńeslerin shólkemlestiriw huqıqı nızam menen bekkemlendi.

# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNDA MÁDENIYAT HÁM KÓRKEM ÓNER SHÓLKEMLERI ISKERLIGININ TIYKARǴÍ STATISTIKALÍQ KÓRSETKISHLERI

## Teatrlar sanı, birlikte




2021- jıl Respublikamızda teatrlar sanı 3 , kórsetilgen spektakller sanı 1076 sonnan 33 biypul, olarǵa keliwshiler sanı 185, 6 mıń adamdı quradı.

## Spektakller (tamashalar ) sanı, birlikte





# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNDA MÁDENIYAT HÁM KÓRKEM ÓNER SHÓLKEMLERI ISKERLIGININ TIYKARǴI STATISTIKALÍQ KÓRSETKISHLERI

## 2021-jıl teatrga kelgen tamashagóyler sanı, mıń adam




## Qaraqalpaqstan Respublikasındaǵı teatrlarda jumıs alıp barıp atırǵan xızmetkerler sanı,adam






# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNDA MÁDENIYAT HÁM KÓRKEM ÓNER SHÓLKEMLERI ISKERLIGINIŃ TIYKARǴÍ STATISTIKALÍQ KÓRSETKISHLERI

## Muzeyler sanı




2022-jıl 1-yanvar jaǵdayına, muzeyler sanı 4 birlikti qurap sonnan, muzey filialları sanı 2 birlikke teń, muzeylerge keliwshiler sanı 104,6 mıń adamdı quradı. Jıl aqırına tiykarǵı fond eksponatlari sanı 87259 (birlik) quradı

## 2021-jılda eksponatlarnıń túri boyınsha muzeyler fondı



## Kitapxanalar sanı, birlikte




## 2021- jılda kitapxana mákemeleri, procsentte

Qaraqalpaqstan Respublikasında 30 kitapxanalar iskerlik júritedi. Sonnan, 17 informacion-kitapxana orayları, 1 akademikalıq liceylerde, 10 joqarı bilim beriw mákemelerinde, 1 kózi ázziler ushın kitapxanalar hám 1 basqa kitapxanalar iskerlik júrgizip kelmekte. Kitapxana fondı 2120, 3 mıń nusqanı quraydı. Kitapxana paydalanıwshıları sanı 204, 5 mıń adamdı quraydı.



# 2021-jıl 1 yanvar jaǵdayına kitapxana mákemeleriniń tiykarǵı kórsetkishleri

| | Jámi mákemeler sanı, birlik | Kitap hám jurnallar, mıń nusqa | Paydalanıws hılar sanı, mıń kisi | Berilgen kitap hám jurnallar, mıń nusqa |
|---|---|---|---|---|
| Qaraqalpaqstan Respublikası | 30 | 2120,3 | 205,4 | 4090,3 |
| Nókis q. | 15 | 1319,4 | 76,1 | 2437,7 |
| Ámiwdárya | 1 | 63,7 | 9,1 | 80,5 |
| Beruniy | 1 | 52,8 | 10,7 | 135,2 |
| Qaraózek | 1 | 20,7 | 5,5 | 65,3 |
| Kegeyli | 1 | 57,7 | 5,9 | 48,7 |
| Qońırat | 1 | 52,2 | 10,9 | 303,2 |
| Qanlıkól | 1 | 38,2 | 11,0 | 90,2 |
| Moynaq | 1 | 56,1 | 6,8 | 93,7 |
| Nókis | 1 | 62,1 | 12,9 | 101,1 |
| Taqıyatas | 1 | 86,0 | 10,3 | 44,0 |
| Taxtakópir | 1 | 47,8 | 10,1 | 230,4 |
| Tórtkúl | 1 | 60,8 | 6,2 | 75 |
| Xojeli | 1 | 99,1 | 8,0 | 111,6 |
| Shımbay | 1 | 25,9 | 5,8 | 60,6 |
| Shomanay | 1 | 50,3 | 8,1 | 72,1 |
| Ellikqala | 1 | 27,5 | 8,0 | 140,9 |

## Konsert shólkemleri sanı, birlikte




## 2021-jılda konsert shólkemleri iskerligi

2021- jılda jámi iskerlik kórsetip atırǵan konsert shólkemleri sanı 2. Konsert shólkemleri tárepinen ámelge asırılǵan konsertlar sanı 503 teńi shólkemlesken bolsa, tıńlawshılar sanı jámi 252, 8 mıńǵa teń bolǵan. 2021-jılda konsert shólkemleriniń iskerlik túrleri boyınsha bólistirilgende, gastrol-konsert shólkemleri - 1 birlik hám de filarmoniya - 1 birlik kuraǵan.

| | 2017 j. | 2018 j. | 2019 j. | 2020 j. | 2021 j. |
|---|---|---|---|---|---|
| Konsert shólkemleri sanı, birlik | 5 | 4 | 3 | 2 | 2 |
| Konsertler sanı, birlik | 88 | 123 | 377 | 350 | 503 |
| Xızmet kórsetilgen tıńlawshılar sanı, mıń adam | 25,3 | 57,1 | 308,3 | 78,7 | 252,8 |
| Shtat daǵı artist xızmetkerler sanı, adam | 93 | 155 | 165 | 173 | 180 |

## Mádeniyat hám dem alıw baǵları, sanı, birlikte




## 2021-jılda aymaqlar boyınsha mádeniyat hám dem alıw baǵları iskerligi

2021- jılda jámi 9 mádeniyat hám dem alıw baǵları bar bolıp, olardıń ulıwma maydanı 65, 6 gektardan ibarat. Mádeniyat hám dem alıw baǵlarında dem alıw ob'ektleri sanı - 17, jámi attraksionlar sanı 96 birlikti quraǵan . Mádeniyat hám dem alıw baǵlarına jámi kelgenler sanı 30, 6 mıń adamdı kurap , sonnan 72, 9 % balalar (22, 3 mıń ) dan ibarat.

| | Mádeniyat hám dem alıw baǵları sanı, birlik | Mádeniyat hám dem alıw baǵları ulıwma maydanı, gektar | Dem alıw ob'ektleri sanı, birlik | Attraksionlar sanı, birlik | Jámi reysler, mıń adam |
|---|---|---|---|---|---|
| Qaraqalpaqstan Respublikası | 9 | 65,5 | 17 | 96 | 30,6 |
| Nókis q. | 3 | 23,7 | 1 | 26 | 8,7 |
| Ámiwdárya | 1 | 5,2 | 5 | 14 | 10,8 |
| Beruniy | 1 | 9 | 6 | 10 | 2,7 |
| Qońırat | 1 | 0,4 | - | 4 | 0,1 |
| Tórtkúl | 1 | 3,4 | 2 | 13 | - |
| Shımbay | 1 | 16 | - | 8 | 8,3 |
| Shomanay | 1 | 8 | 3 | 21 | - |

# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNDA MÁDENIYAT HÁM KÓRKEM ÓNER SHÓLKEMLERI ISKERLIGINIŃ TIYKARǴÍ STATISTIKALÍQ KÓRSETKISHLERI

## Mádeniyat orayları sanı, birlikte




## 2021-jılda rayonlar kesiminde mádeniyat orayları sanı, birlikte






Mádeniyat orayları sanı jámi 61 birlik, olardaǵı tamasha hám leksiya zallarında orınlar sanı 10065 birlik hám ótkerilgen mádeniy aǵartıwshılıq ilajlar sanı 2711 birlikti quraǵan.Ótkerilgen mádeniy aǵartıwshılıq ilajlarǵa kelgenlerdiń ulıwma sanı 808,3 mıń adamdı quraǵan.

## 2021-jılda mádeniyat orayları iskerligininń tiykarǵı kórsetkishleri

| | Mákemeler diń ulıwma sanı | Jámi ótkerilgen mádeniy-aǵartıwshılıq ilájlar (birlik) | Mádeniy-aǵartıwshılıq ilájlarda qatnasqanlar jámi (mıń adam) | Jámi dógerek, studiya hám kórkem háweskerlik jámáátleri (birlik) | Jámi dógerek, studiya hám kórkem hawesker kamandalar qatnasıwshıları (adam) | Mádeniy-aǵartıwshılıq xızmetkerler sanı jámi (adam) |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikasí** | **61** | **2711** | **808,3** | **332** | **4574** | **637** |
| **Nókis q.** | 6 | 406 | 96,1 | 27 | 373 | 65 |
| **Ámiwdárya** | 7 | 80 | 11,5 | 23 | 294 | 69 |
| **Beruniy** | 7 | 435 | 273 | 32 | 418 | 47 |
| **Bozataw** | 1 | 77 | 14,7 | 10 | 99 | 20 |
| **Qaraózek** | 3 | 86 | 18,3 | 12 | 256 | 28 |
| **Kegeyli** | 2 | 80 | 21,6 | 10 | 210 | 45 |
| **Qońırat** | 2 | 165 | 10,5 | 16 | 258 | 40 |
| **Qanlıkól** | 2 | 16 | 8,0 | 8 | 142 | 30 |
| **Moynaq** | 2 | 101 | 13,4 | 10 | 202 | 29 |
| **Nókis** | 2 | 41 | 20,8 | 13 | 184 | 25 |
| **Taqıyatas** | 2 | 56 | 18,5 | 9 | 114 | 11 |
| **Taxtakópir** | 4 | 220 | 63 | 26 | 380 | 53 |
| **Tórtkúl** | 6 | 557 | 80,9 | 69 | 557 | 77 |
| **Xojeli** | 2 | 157 | 49,7 | 9 | 117 | 24 |
| **Shımbay** | 4 | 85 | 84,8 | 17 | 367 | 28 |
| **Shomanay** | 2 | 89 | 17,2 | 19 | 225 | 21 |
| **Ellikqala** | 7 | 60 | 6,5 | 22 | 378 | 25 |

## Statistikalıq kórsetkishlerge túsindirme

**Mádeniyat –** insan iskerligi hám sol iskerliginiń áhmiyetin belgileytuǵın simvallıq apparatlar hám dóretpeler kompleksi bolıp tabıladı. Mádeniyat muzika , ádebiyat , kórkem súwret, músinshilik,teatr, kinomatografiya, turmıs tárizi sıyaqlı xızmetlerde kórinetuǵın bolıwı múmkin.

**Materiallıq miyraslar -** bul xalıqtıń yamasa jámááttiń materiallıq hám materiallıq emes miyrasları bolıp tabıladı, onı saqlap qalıw hám keyingi áwladlarǵa jetkiziw ushın wásiyat etilgen. Buǵan isenimler, bilimler, kórkem ańlatpalar, normalar hám qádiriyatlar, social ámeliyatlar, úrp-ádetler orınlar, ob'ektler hám mádeniyat hár qanday basqa ańlatpaları kiredi.

**Materiallıq mádeniy obyeketleri -** materiallıq hám materiallıq emes mádeniy miyraslar obyektleri.

**Materiallıq mádeniy mıyraslar obyektleri -** tarıyxıy, ilimiy, kórkem yamasa ózgeshe materiallıq qımbatqa iye bolǵan ansambller, dıqqatqa iye orınlar hám estelikler.

**Materialıq emes mádeniy mıyraslar obyektleri —** tarıyxıy, ilimiy, kórkem yamasa ózgeshe materiallıq qımbatqa iye bolǵan úrp-ádetler, xalıq dóretiwshiligi (sóz, oyın, muzıka, tamasha kórkem óneri), sonıń menen birge olar hám de xalıq kórkem ónermentshiligi hám ámeliy kórkem óneri menen baylanıslı bilimler, kónlikpeler, ásbap -úskeneler, artefaktlar, materiallıq mákanlar”.

**Ansambller** — tarıyxıy quram tapqan aymaqta anıq kózge taslanatuǵın, átirap tábiyat kórinisi menen ulıwmalıǵı yamasa baylanıslılıǵı tarıyxıy, arxeologik, arxitekturalıq, estetik yamasa social -materiallıq qımbatqa iye bolǵan, social, basqarıw, diniy, ilimiy, oqıw – bilim beriw, saray, turaq jay , sawda, islep shıǵarıw hám basqa áhmiyetke iye hám de súwretshilik, músinshilik, ámeliy bezew kórkem óneri, arxitektorlıq dóretpeleri menen baylanıslılıqta bólek yamasa óz-ara birgelikte turǵan estelikler, orınlar hám imáratlar gruppaları, sonıń menen birge tarıyxıy sızılmalardıń hám de mákan-jaylar orınlarınıń qaldıqları, landshaft arxitekturası hám baǵlar kórkem óner dóretpeleri (baǵlar, dem alıw baǵları parkler , xalıq seyili bolatuǵın orınlar ).

**Dıqqatqa iye orınlar** — insan hám tábiyat ilxamınıń ortaq jemisi, sonıń menen birge tarıyxıy, arxeologikalıq, qalasazlıq, estetik, etnologikalıq yamasa antropologıyalıq qunǵa iye bolǵan aymaqlar, sonday-aq xalıq ónermentshiligi mákanları, tarıyxıy mákan-jaylar yamasa qalasazlıq sızılması orayları hám tarıyxıy (sonday-aq áskeriy) waqıyalar, estelikler, ataqlı tarıyxıy adamlardıń turmısı menen baylanıslı bolǵan jaylar, yad orınlar, tabiyiy landshaftlar, sonıń menen birge góne qalalar, mákan-jaylar, rezidenciyalar jaylarınıń materiallıq qatlamları, qaldıqları, dástúrler orınlanatuǵın jaylar.

Press-relizdi tayarlaw ushın juwapker:
Socialliq taraw statistikası bólimi

Qaraqalpaqstan Respublikası
statistika basqarması

www.qrstat.uz

Tel: +99861 222-79-83